

Emilio Travieso

Istwa premye poulaye endistryèl ann Ayiti (1951-1982)

Atik sa a rakonte istwa premye poulaye endistryèl ki te genyen ann Ayiti. Se te yon fanm, Ghislaine Desquiron, ki fonde li nan lane 1951 ; mari li, Jean Desquiron, te vin entegre l nan travay la tou. Konpayi a te dire jis 1982. Yo te fè anpil siksè, sitou nan zòn Petyonvil ak Pòtoprens, epi Ghislaine Desquiron te fòme lòt moun pou yo te ka fè pwòp poulaye pa yo. Lè nou byen gade detay yo, alèd kèk jounal ki te pibliye nan epòk la ak lòt sous enfòmasyon ankò, sa ap ede nou konprann yon seri bagay ki t ap nesesè pou n ta relanse pwodiksyon nasyonal la. Non sèlman n ap pran kèk poul nan modèl dafè Desquiron yo te itilize a, n ap analize lòt faktè ki te pèmèt yon endistri kon sa pran fòm (ak sa k te kraze li, apre), tankou politik leta yo.

Entwodiksyon

Majorite poul ak ze nou konsome ann Ayiti, se enpòte yo enpòte yo. Gen moun k ap fè efò pou mete poulaye sou pye nan peyi a, men, yo jwenn anpil difikilte. Pa egzanp, pi gwo konpayi ki t ap pwodwi poul ak ze nan peyi a, Jamaica Broilers, te bay vag an 2022, akòz ensekirite a¹. Devan reyalite sa a, li ka enteresan pou n sonje yon lòt epòk, lè pwodiksyon nasyonal la te satisfè demann nan. Nou swete egzèsis sa a ap ka ba nou yon ti limyè, pandan l tou motive nou².

Premye moun ki te kòmanse pwodwi poul ak ze onivo endistryèl se te fanmi Desquiron an, depi ane 1950 yo. Poul Desquiron yo te vann nan tout makèt Pòtoprens. Yo te tèlman popilè, lè *Le Nouvelliste* site non Jean Desquiron an 1970, yo rele l « *le grand aviculteur* » epi yo di siyati misye vin tounen yon lòt fason pou di poul (« *dont le patronyme est devenu synonyme de poulet* »)³. Men, an reyalite, se madam li, Ghislaine Desquiron, ki te vre avikiltris la.

Nan atik sa a, nou pral rakonte istwa antrepriz Ghislaine ak Jean Desquiron te monte a. Apre sa, n ap analize istwa sa a pa rapò ak kontèks peyi a, pou nou kapab ofri yon ti limyè sou opòtinite ak defi pou endistri poulaye ann Ayiti jounen jodi a.

Metodoloji

Nou fè rechèch sa a alèd dokiman primè ak sekondè. Pi gwo sous dokiman primè yo se achiv 2 jounal kote Desquiron yo te parèt souvan nan epòk yo t ap travay la, *Le Nouvelliste* ak *Haiti Sun*. Achiv sa yo disponib an liy, nan Bibliothèque Numérique des Caraïbes la (oswa dLOC, ki se sig li ann angle). Jounal sa yo te konn pibliye plizyè kalite enfòmasyon ki pemèt nou

1 José Flecher, « Haïti Broilers, principal producteur d'oeufs et de poulets du pays, arrête ses activités en Haïti », *Le Nouvelliste*, 25 novanm 2022.

2 M ap di yon gwo mèsi pou Micheline Cadet, Frantz Voltaire, Carolyn Fick, Nino Polanco, Michel DeGraff, Djeride Jean-Baptiste, Dieunis Augustin, ak Joseph Harold Pierre, ki te ede m amelyore atik sa a. Se yon vèsyon elaji yon atik blòg ki te parèt nan sit *Yon lòt ekonomi pou yon lòt Ayiti*.

3 Claude Dambreville, « Instantanées » *Le Nouvelliste* 8 ak 9 jen 1970 paj 1.

rekonstui istwa a. Te gen nouvèl, ki ede nou konprann wòl Desquiron yo te jwe nan sosyete a, ak kèk evenman ki te rive yo. Te gen piblisite pou pwodui Desquiron yo ak pwodui konpetitè yo, ki kite nou wè jan estrateji maketing Desquiron yo, ak tout pri yo, t ap evolye. Epi tou, alepòk, jounal yo te jwe wòl rezo sosyo alèkile yo : si Desquiron yo te bezwen fè yon mesaj pase pou kliyan yo (pa egzanp, yon lè te gen yon ti pwoblèm teknik ki t ap kreye ratman nan poul yo, epi yo te fè konnen sa t ap rezoud⁴), oswa pou zanmi yo (nenpòt lè k te gen maryaj⁵, depasman⁶, vwayaj⁷, fèt⁸, moun lopital⁹, aksidan¹⁰, lamò¹¹, e latriye), yo te fè sa atravè youn nan 2 jounal sa yo. Menm jan tou, lè te gen zen, n ap jwenn tras diskisyon sa yo nan jounal yo.

Si yo te plede parèt nan jounal kon sa, sa deja montre nou, yo te fè pati yon gwoup privilejye (se menm jan ak jodi a : se pa tout moun *Ticket Magazine* salye pou anivesè yo). Ann efè, yo te branche. *Le Nouvelliste* te konsidere Jean Desquiron tankou yon zanmi¹². Kanta jounal *Haiti Sun* lan, fondatè jounal la, Bernard Diederich¹³, se te bofrè Ghislaine Desquiron¹⁴. Misye te ekri plizyè atik pou ankouraje yo, depi nan premye etap antrepriz la, lè yo po t ko gen renomen. Jounal li a te menm pibliye kèk atik pou fè moun ri, kote yon lòt zanmi jounalis pran pòz li se yon antwopològ

4 « Les poulets reviennent » *Le Nouvelliste* 8 mas 1968 paj 1.

5 Pa egzanp, lè Jean te gason donè nan yon maryaj. “Jules Arant & Emma Casseus Wed,” *Haiti Sun*, 29 avril 1956, paj 18.

6 Pa egzanp, lè Jean te rantre sot Jeremi epi li voye di Émile Roumer pa pi mal. “Beachcomber,” *Haiti Sun*, 17 fevriye 1952, paj 3.

7 Pa egzanp, lè pitit yo a, Françoise, te al fè vakans Kanada. “Beachcomber,” *Haiti Sun*, 10 jiyè 1960, paj 18.

8 Pa egzanp, yon lè Ghislaine te fete anivesè li. “Beachcomber,” *Haiti Sun*, 25 oktòb 1953, paj 12.

9 Pa egzanp, lè Ghislaine te pral akouche an 1958. “Ti Joseph Report,” *Haiti Sun*, 28 septanm 1958, paj 15.

10 Pa egzanp, lè Ghislaine te fè aksidan. “Beachcomber,” *Haiti Sun*, 28 mas 1953, paj 13.

11 Pa egzanp, lè pitit yo a, Mikal, te mouri. « Accident mortel sur la route de l'Arcahaie », *Le Nouvelliste*, 25 novanm 1977, paj 1.

12 « Accident mortel sur la route de l'Arcahaie », *Le Nouvelliste*, 25 novanm 1977, paj 1.

13 Wè Robert Fatton, “Book Review: *Bon Papa: Haiti's Golden Years* by Bernard Diederich (Princeton NJ, Markus Wiener, 2009),” *New West Indian Guide* 85 (1/2), 2011 : 133-135.

14 Li te marye ak Ginette Dreyfuss, ki se sè Ghislaine. Wè « Ginette DREYFSS » sou Geneanet.

tafyatè ki al etidye (epi anmède) fanmi Desquiron an, paske fason y ap viv la atire atansyon li¹⁵. Se sa k fè nou jwenn anpil detay ak foto ki pemèt nou konplete tablo a.

Men ki jan sa te kòmanse

Ghislaine Dreyfuss fèt Pòtoprens nan yon fanmi milat ; li te desandan Boyer Bazalais sou bò manman l¹⁶. Li marye ak Jean Desquiron, ki soti nan yon fanmi milat Jeremi, an 1944¹⁷. Yo te viv Jeremi jis lè premye pitit yo a, Lilas, te gen 2 an ; lè sa, yo te al viv Petyonvil¹⁸.



Imaj 1 : Ghislaine ak Jean Desquiron se koup ki sou bò gòch la. (Lòt koup la se founisè Ameriken yo.) Foto a parèt nan *Haiti Sun* (1956)¹⁹.

15 T. J. Grant, “Wise and Otherwise,” *Haiti Sun*, 16 janvyè 1955, paj 6 ; T. J. Grant, “Wise and Otherwise,” *Haiti Sun*, 30 janvyè 1955, paj 7 ; T. J. Grant, “Wise and Otherwise,” *Haiti Sun*, 13 fevriye 1955, paj 7.

16 Wè « Ghislène Dreyfuss » sou Geneanet.

17 Aubelin Jolicoeur, « Au fil des jours », *Le Nouvelliste*, 17 avril 1969, paj 1 ; Marie-Agnès Sourieau, « Introduction », nan : Lilas Desquiron, *Reflections of Loko Miwa*, University Press of Virginia, 1998, paj viii.

18 Marie-Agnes Sourieau, « Introduction », paj ix.

19 “New Chicken Economy, Boon to local Economy,” *Haiti Sun*, 15 jiyè 1956, paj 2.

An 1951, Ghislaine te mete yon poulaye 300 poul nan lakou lakay yo, Petyonvil. Yo te vann poulè yo nan otèl yo (lè sa a, te gen anpil touris Ayiti). Sa tèlman byen mache, yo elaji pwodiksyon an pou vann 800 poul chak mwa²⁰. Jean kite lòt biznis li te genyen an pou kole zepòl ak madam li nan biznis poulaye a. An 1952, Ghislaine te jwenn yon bous Nasyonzini, atravè leta ayisyen, pou l al suiv yon fòmasyon sou elvaj modèn pandan 2 mwa nan Inivèsite Kalifoni (University of Georgia), Etazini²¹.

Lè l tounen sot Kalifoni, Ghislaine te pataje konsepsyon li ak etidyan agwonomi yo nan fakilte Damyen. Apre sa, Bank Agrikòl la te mande l ede kèk nan etidyan sa yo fòme yon kowoperativ pou elvaj poul. Yo fè sa vre, epi kowoperativ la te lanse ak yon bèl babekyou nan fwa premye me, kote prezidan Magloire te vin fè yon goute²².



Imaj 2. Men premye piblisite premye fèm Desquiron an, lè l te Petyonvil. Li parèt nan jounal *Haiti Sun* (1952)²³.

20 "New Chicken Industry Boon to Local Economy," *Haiti Sun*, 15 jiyè 1956, paj 1.

21 «Mme Jean Desquiron va en Californie», *Le Nouvelliste*, 11 jiyè 1952, paj 4.

22 "New Chicken Industry Boon to Local Economy," *Haiti Sun*, 15 jiyè 1956, paj 2.

23 *Haiti Sun*, 27 janvye 1952, paj 7.



Imaj 3. Nan lane 1953, yo te gentan ap vann poul yo nan plizye makèt Pòtoprens ak Petyonvil. Piblisite sa a parèt nan *Haiti Sun*²⁴.

Lane 1956 : Desquiron yo deside envesti pou tout bon

Aprè 2 zan, Desquiron yo chwazi kite kowoperativ la epi yo fonde yon pi gwo fèm elvaj, nan zòn Frè. Lè sa a, zòn nan se te yon zòn an deyò li te ye. An 1955, Ghislaine jwenn yon lòt bous Nasyonzini pou l al fè yon lòt fòmasyon ankò, nan yon inivèsite Georgia²⁵, ak yon staj nan gwo konpayi Jesse D. Jewell la, pou li aprann plis sou elvaj modèn²⁶. (Menm Etazini, sa

²⁴ *Haiti Sun*, 13 septanm 1953, paj 6.

²⁵ Note byen : gen yon ti konfizyon nan sous yo sou non inivèsite kote l te al etidye. Nan yon ti nouvèl ki parèt nan fevriye 1955, lè Ghislaine te prale a (li te vwayaje nan mwa mas menm ane a), *Haiti Sun* pale de « Georgia Tech » (ki se ti non jwèt Georgia Institute of Technology). Jounen jodi a, se yon inivèsite ki gen yon pwogram rechèch espesyalize pou kore sektè poulaye a (byenke nou pa konnen depi ki lè pwogram sa a la). Men, nan yon atik ki te parèt an 1956, lè Ghislaine te rantre, yo di l te etidye nan « Georgia University » ; pa gen yon inivèsite ki pote non egzak sa a, men, anpil fwa se kon sa yo rele University of Georgia, ki gen yon depatman espesyalize pou elvaj poul tou, depi 1912. An tou ka, tou 2 inivèsite sa yo fè pati yon sèl rezo inivèsite piblik. Wè : “Beachcomber,” *Haiti Sun*, 6 fevriye 1955, paj 13 ; “Beachcomber,” *Haiti Sun*, 13 mas 1955, paj 13 ; “New Chicken Industry Boon to Local Economy,” *Haiti Sun*, 15 jiyè 1956, paj 2 ; sit wèb Georgia Tech Agricultural Technology Research Program ; epi sit wèb University of Georgia Department of Poultry Science la.

²⁶ “New Chicken Industry Boon to Local Economy,” *Haiti Sun*, 15 jiyè 1956, paj 2. Jesse D. Jewell te pote anpil inovasyon nan sektè a, ki fè konpayi li a te tounen pi gwò pwodiktè poul nan mond lan, epi jiska prezan, eta Georgia se kapital poulaye Etazini. Li te apenn acheve modèl li a an 1954, kèk mwa avan Ghislaine te al fè staj avè l. Wè Carl Weinberg, « Jesse Jewell », *New Georgia Encyclopedia*, 2005.

pa t gen anpil tan depi yo te kòmanse fè elvaj kon sa.) Mari li te al jwenn li lòt bò a pandan yon mwaa, pou li te ka aprann aspè maketing nan biznis poul (misye te fòme nan Administrasyon, avan)²⁷.

An 1956, yo envesti nan enfrastrikti pou fèm yo a, ak tout yon izin ki te gen kapasite pou drese 2,500 poul chak jou. Yo mete yon chanm fwad anba lavil, nan Ri Dèfwonfò, ki te pi gwo chanm fwad nan peyi a²⁸. Se yon jèn enjinye ayisyen ki te etidye refrijerasyon Chikago, Guy Debrosse, ki rèsi konplete travay sa a²⁹.

Yo mete yon moulen anba lavil tou, pou fè 100 sak manje poul chak jou. Yo te konn achte mayi Okap, Ench, ak Jeremi³⁰, epi yo melanje l ak yon konsantre pwoteyin yo achte nan men yon founisè Nouvèl Orleyans (Etazini), ki te rele J. T. Gibbons Inc³¹. Lide a se te rive vann ni manje a, ni poul yo, pi bon mache pase sa yo te enpòte yo³². Kalkil yo te fè a, menm si te gen mwens maj benefis nan vann ba pri kon sa, yo t ap fè yon pwofi kanmenm, paske yo t ap vann anpil³³.

Aprè pwòp fèm pa yo, Desquiron yo te kòmanse bay lòt moun nan zòn nan angrese poul pou yo. (Nou sispèk Ghislaine te aprann fòmil sa a lè l te wè jan yo te konn fè l lakay Jesse D. Jewell, Etazini.) Premye eksperyans lan se te ak komite paran lekòl riral Frè a. Se direktè lekòl la, Fritz Dorisset, ki te abòde Desquiron yo pou wè ki jan yo te ka kolabore ansanm pou amelyore kondisyon vi moun yo³⁴.

Paran elèv yo te konstwi poulaye a, epi Desquiron yo te bay yo ti poul yo ak tout manje pou bay poul yo, sou fòm kredi. Ghislaine te bay paran yo fòmasyon teknik, epi lè yo fin angrese poul yo, Desquiron yo achte yo nan men yo pou drese yo nan izin nan. Tout anplwaye nan izin nan se

27 "New Chicken Industry Boon to Local Economy," *Haiti Sun*, 15 jiyè 1956, paj 2.

28 "New Chicken Industry Boon to Local Economy," *Haiti Sun*, 15 jiyè 1956, paj 2.

29 "Ti Joseph Report," *Haiti Sun*, 5 dawou 1956, paj 4.

30 "Frères: Becoming Haiti's Chicken Center," *Haiti Sun*, 31 janvyè 1960, paj 11.

31 "Beachcomber," *Haiti Sun*, 24 avril 1960, paj 19.

32 An 1956, te gen 2 piblisite ki parèt nan menm paj *Le Nouvelliste*, kote nou ka konstate poule Desquiron an t ap vann nan menm pri (0.55) ak poule enpòte sot Etazini, ki se te menm pri yon lòt konpetitè ankò. Wè *Le Nouvelliste*, 13 dawou 1956, paj 5.

33 "Frères: Becoming Haiti's Chicken Center," *Haiti Sun*, 31 janvyè 1960, paj 11.

34 "<Operation Poule> Good Neighbor Policy," *Haiti Sun*, 20 me 1956, paj 3.

te moun zòn nan. Ak aktivite angrese poul yo a, paran yo te konn fè yon pwofi 50 goud pa mwa. (Lè sa a, lajan te gen plis valè. Nan lajan 2023, se t ap ekivalan yon 15 mil goud kon sa³⁵. Daprè kalkil jounal *Haiti Sun* lan, kòb sa a se te plis pase sa yo t ap fè ak 2 kawo pitimi.) Papa Ghislaine, Georges Dreyfuss, te pwofite antre nan biznis la tou ; li mete yon poulaye 6 mil poul sou pye³⁶.



New Haitian style poultry house.

Imaj 4. Se komite paran lekòl riral Frè a ki te fè poulaye sa a, pou Desquiron yo ba yo angrese poul pou yo. Foto a parèt nan *Haiti Sun* (1956)³⁷.



Students of Ecole Normale Rurale handing baby U. S. chicks to Rector Morisset and Mrs. Desquiron

Imaj 5. Men madam Desquiron ak mèt Dorisset k ap monte yon poulaye nan lekòl Frè. Foto a parèt nan *Haiti Sun* (1956)³⁸.

Kon sa, yo fè prèske tout pwosesis la ann Ayiti. Sèlman, Desquiron yo pou t ko ka kale ti poul yo, akòz pwoblèm kouran ki fè yo pa t ka kenbe yon tanperati stab pou ze yo³⁹. Ta sanble yo te fè yon esè kanmenm sou blòk 1963⁴⁰, epi pitit gason yo a, Jean Michel, t ap travay sou sa ankò, atravè

35 Lè sa a, to d chanj la te fiks, 5 goud pou 1 dola US. Kidonk 50 goud te egal 10 dola US. Alèd yon aplikasyon an liy, Inflation Tool, ki pemèt nou kontwole ekivalan lajan lòt epòk, pa rapò ak enflasyon an, nou wè 10 dola US nan lajan 1956 se ekivalan 113 dola US nan lajan desanm 2023. Si nou fè yon kalkil ak to d chanj desanm 2023, ki se anviwon 132 goud pou yon dola US, nou wè 113 dola US se preske 15 mil goud.

36 “Frères: Becoming Haiti’s Chicken Center,” *Haiti Sun*, 31 janvyè 1960, paj 11 ; wè « Ghislène Dreyfuss » sou Geneanet.


37 “<Operation Poule> Good Neighbor Policy,” *Haiti Sun*, 20 me 1956, paj 3.

38 “<Operation Poule> Good Neighbor Policy,” *Haiti Sun*, 20 me 1956, paj 3.


39 “Frères: Becoming Haiti’s Chicken Center,” *Haiti Sun*, 31 janvyè 1960, paj 11.

40 Yon piblisite kote yo t ap vann kèk kòk repwodiktè te parèt nan *Le Nouvelliste* pandan kat jou (2, 3, 4, ak 5 avril 1963).

yon konpayi ki te rele Hatchery National S.A. (HANASA), ki te fonde an 1978⁴¹ epi ki te inogire premye lokal li an desanm 1979, nan zòn Kazo⁴². Men, ann atandan, yo te oblije kontinye achte ti poul yo Etazini, pou angrese yo Ayiti.



Imaj 6. Men izin kote yo te konn ap drese poul Desquiron yo. Foto a parèt nan *Haiti Sun* (1960)⁴³.



Imaj 7. Ta sanble anpil fanm te jwenn travay nan izin kote yo te drese poul yo. Foto a parèt nan *Haiti Sun* (1960)⁴⁴.

Konpayi a te anrejistre sou non Poulet Haïti S.A., epi yo te vann pwodui yo sou 2 mak : Poulet Desquiron ak Oeufs Corail. (Koray se yon komin nan depatman Grandans ; an n pa bliye Jean Desquiron se te moun Jeremi.) Ta sanble Ghislaine te jere pati elvaj la, epi Jean te jere aspè komèsyal yo⁴⁵. Depi an 1954, Jean te sekretè yon Kleb Entènasyonal Komès ki te genyen nan peyi a⁴⁶, epi an 1956, li te prezidan kleb la⁴⁷.

41 « Avis divers », *Le Nouvelliste*, 14 desanm 1978, paj 2.

42 « Avis », *Le Nouvelliste*, 13 desanm 1979, paj 6.

43 “Frères: Becoming Haiti’s Chicken Center,” *Haiti Sun*, 31 janvyè 1960, paj 11.

44 “Frères: Chicken Center », *Haiti Sun*, 31 janvyè 1960, paj 1.

45 Wè “Beachcomber,” *Haiti Sun*, 3 me 1959, paj 15.


46 « Intéressant Débat: Incidences du Cyclone sur le Commerce », *Le Nouvelliste*, 4 novanm 1954, paj 1.

47 « Au Club International de Commerce », *Le Nouvelliste*, 5 oktòb 1956, paj 1.


Ane 1960 yo : biznis la pran yon lòt dimansyon

Nan lane 1960, Desquiron yo grandi biznis la anpil. Yo rive genyen nenpòt 18,000 poul, ant fèm pa yo, poulaye lekòl Frè a, ak lòt moun ankò ki t ap angrese poul pou yo tou⁴⁸. Okontrè, tèlman te gen moun ki te bezwen antre nan angrese poul pou Desquiron yo, yo oblije fè yon lis datant. Se mezi mache a kòmanse mande plis poul, yo ogmante pwodiksyon an nan nivo pou satisfè demann nan.

Tout tan yo pwodui plis, sa pemèt yo vann mwens chè, epi se sa k fè yo vann pi plis toujou. Pou fè sa mache pi byen, yo fè yon gwo kanpay marketing, apati desanm 1959. Yo itilize yon estrateji kreyativ, kote yo kòmanse pataje resèt pou aprann kizinye yo prepare poul Desquiron plizyè fason diferan. Yo pibliye resèt sa yo nan journal⁴⁹, epi yo distribiye yo nan makèt⁵⁰, ak menm nan sinema⁵¹. Apre sa tou, yo benyen lektè *Le Nouvelliste* yo ak piblisite pandan tout lane 1960 la⁵².



Imaj 8. Men yon piblisite ki te parèt souvan an 1960 nan *Le Nouvelliste*⁵³.



Imaj 9. Men yon lòt piblisite ki te parèt souvan nan *Le Nouvelliste* tou⁵⁴.

48 "Frères: Chicken Center," *Haiti Sun*, 31 janvyè 1960, paj 1.

49 « Le Poulet au Vent », *Le Nouvelliste*, 8 mas 1960, paj 3.

50 "Newspapers Laud Desquiron Chicken Recipes," *Haiti Sun*, 6 desanm 1959, paj 14.

51 *Le Nouvelliste*, 3 septanm 1960, paj 4.

52 Nou konstate omwen 53 piblisite pou konpayi Desquiron yo a ki parèt nan *Le Nouvelliste* an 1960.

53 Pa egzanzp, *Le Nouvelliste*, 26 oktòb 1960, paj 6.

54 Pa egzanzp, *Le Nouvelliste*, 24 oktòb 1960, paj 4.



Imaj 10. Sa se piblisite yo te itilize souvan pou ze yo, nan *Le Nouvelliste*⁵⁵.

«LE POULET AU VENT»
 Notre recette économique de
 POULET DESQUIRON est
 Vient donner un air de fête à
 votre table de famille et une note
 excellent d'originalité à votre
 table de réception.
 1 POULET DESQUIRON
 de 2 à 2.50 livres.
 2 tasses d'eau
 1 cuillerée à café de sel
 1/2 cuillerée à café le poivre
 1 oignon moyen coupé en tran-
 ches
 1 cuillerée à soupe de margari-
 ne ou de beurre
 1 grand moule rond d'environ
 11 pouces de diamètre et 2
 pouces de profondeur.
 Coupez votre POULET DES-
 QUIRON en morceaux et écri-
 vez, ou laissez à l'attention:
 mettez le à cuire à feu doux avec
 en cuisson ou une fourchet-
 te et mettez à feu chaud (425°)
 pendant 22 à 30 minutes.
 Dès la sortie du four, détachez
 les bords intérieurs de votre épi-
 autour du moule; avec un peu
 d'eau. Démoulez; en renversant
 dans un plat. Vous avez alors la
 croute comme fond et votre poi-
 let au-dessus... au vent, Maqui
 figure!
 Servez nature ou accompagné
 d'une sauce blanche au fromage
 ou faites épaisir le jus de cui-
 sion de votre poulet avec tous les
 petits morceaux de poulet qui y
 sont restés, ou alors une autre
 sauce à votre choix.
 BON APPÉTIT !!!
 Et n'oubliez pas que pour une
 recette parfaite, vous devez em-
 ployer le POULET DESQUI-
 RON. Méfiez-vous des imi-
 tations, car elles ne déçoivent pas.

Imaj 11. Men yon moso yon resèt/
 piblisite ki te parèt nan *Le Nouvelliste*
 an 1960⁵⁶.

Estrateji a te bon. An 1960, poul Desquiron an t ap vann 40 santim liv la⁵⁷. Ak pri sa a, yo te resi bat konpetitè yo, epi yo pran mache a pou yo. Se lè sa a, konpayi a fin dekole nèt.

Kèk tan apre, li pa t nesesè pou Desquiron yo depanse pou fè piblisite ankò. Se makèt yo ki fè l pou yo kounye a, paske se te mak poul sa a konso-matè yo te bezwen. Tout piblisite nou te jwenn nan achiv Bibliothèque numérique des Caraïbes la ki konsène pwodui Desquiron yo depi 1967 se piblisite makèt yo ye, e yo anpil.

Jou ki te 16 janvyè 1977, Ghislaine travèse nan peyi san chapo⁵⁸. Li kite yon endistri modèn ki te pemèt peyi a pwodui tout sa l te manje nan sa k rele poul ak ze⁵⁹, epi ki te bay anpil moun travay. Li kite yon bèl biznis pou fanmi li tou. Biznis la te kontinye ap frape pandan kèk tan⁶⁰.

55 Pa egzanzp, *Le Nouvelliste*, 20 dawou 1960, paj 4.

56 «Le Poulet au Vent», *Le Nouvelliste*, 8 mas 1960, paj 3.

57 *Le Nouvelliste*, 3 septanm 1960, paj 4.

58 «Décès de Mme Ghislaine Desquiron», *Le Nouvelliste*, 17 janvyè 1977, paj 8.

59 Wè: Antonio Sabater de Sabates, « Étude des industries agro-alimentaires », Rapò teknik pou yon ankèt endistryèl, Nasyonzini, 1979, paj 38.

60 Kanta Jean Desquiron, misye te chwazi viv etap gran moun li nan mòd ekriyen. Li pibliye plizyè liv ak omwen yon atik syantifik : *Je me souviens: une audience haïtienne* (1995); *Les journalistes parlent* (1996); *Haiti as Seen by Foreigners*; *Haïti vue par l'étranger et par les Haïtiens*; *Haïti à la une* (6 tòòm, 1993-1997), ak « Écrire l'histoire est difficile: Cinq récits différents de la geste de l'Amiral Killick », *Revue de la Société*

Weekend SALE		
AUX 3 LALUE SUPER-MARKET		
Jendi 10 Mai, Vendredi 11 Mai et Samedi 12 Mai 1979		
«Le Weekend des Poulets Desquiron»		
	PRIX NORMAL	PRIX CHOC
Poulets	95 C.	79 C. la Douz.
Oeufs	\$ 1.30	99 C. la Douz.
Fromage (Fondus) Atlas	6.00	4.99
Plus une douz. d'oeufs GRATIS		
Bacon Importé	2.79	\$ 1.99 la livre
Hot Dog Importé	2.59	1.99 la livre
Hot Dog importé Chicken	\$ 1.69 \$ 1.49 3 pour	\$ 3.99
Mixed Vegetable 16 gr	75 c	3 p \$ 1.95
Beurre de Table Erico 89c		69 c 3 pour \$ 1.99
Jambon en ferblanc de 10 lbs	\$ 24.00	\$ 20.95
Vegola Pure vegetable huile sans odeur après la cuisson		
Gallon	\$ 11.99	\$ 8.99 prix choc !!
Deodorant Dial 8 ozs	2.40	1.79 3 - \$ 4.99
Pate d'Entrée Listérine 4 - 3.60		4 - \$ 2.99
Whisky Red Label (Gallen)	\$ 54.99	\$ 39.99
Whisky Red Label	\$ 9.50	\$ 8.99
Whisky Black Label	\$ 12.99	\$ 10.99
Pernod 45o	\$ 5.99	\$ 4.99
Harvey's Bristol Cream	\$ 6.99	\$ 5.99 3 pr. \$ 17.-
Rum Punch	\$ 3.50	\$ 2.99
Et plus d'une centaine d'articles aux Prix réellement choc !!		
Pour chaque -Achat- cash de \$ 20.00 on vous donne		
Un Poulet Desquiron -Gratis-		
autant d'achat de \$ 20.00 autant de Poulets Desquiron Grats.		

Imaj 13. Poulet Desquiron an te popilè toujou nan lane 1979.
Piblisite sa a parèt nan *Le Nouvelliste*⁶².

Poutan, konpetisyon an t ap evolye tou. Te gen plis pase 20 lòt pwodiktyè sou mache a. Kon sa, moso mache a ki te nan men Desquiron yo te desann, sot nan 70% pou rive nan 35% ; an 1982, yo oblije fèmen pòt yo, akòz difikilte finansyè⁶³. Nan yon sans, yo te viktim pwòp siksè pa yo, paske se yo menm ki te fonde gwo endistri sa ki vin depase yo a.

Nou ka poze tèt nou kesyon, si tout bagay t ap byen mache kon sa pou sektè poulaye nan lane 1982, menm si Desquiron pa t ladan l ankò, ki sa k pase nan dènye 40 lane yo, ki fè sektè sa a preske pa egziste ankò nan peyi a ? Avan nou ka reponn kesyon sa a, fò n tounen sou epòk kote poulaye yo t ap taye banda yo, pou n ka konprann ki faktè ki te ede yo. Apre sa, nou

⁶² *Le Nouvelliste*, 9 me 1979, paj 3.

⁶³ Cooperative Des Eleveurs De Poulets (COOPEP) ak Cooperative League of the USA (CLUSA), "Operational Program Grant Proposal (OPG) for COOPEP Integrated Cooperative Poultry Project," pwoje USAID, Pòtoprens, 1983, paj 7.

pral fè yon konparezon pou montre jan faktè sa yo te vin chanje, pou n ka byen rakonte istwa dènye deseni yo. Sa pral pemèt nou bay yon ti limyè sou opòtinite ak defi ki genyen jounen jodi a.

Faktè ki te ede yo

Li klè, Ghislaine ak Jean Desquiron te jwenn anpil avantaj kòm milat ki te gen mwayen ak kontak, nan yon sosyete ki inegal epi rasis⁶⁴. Nou kapab di se nivo privilèj sa a ki te pemèt yo pran devan, pou kreye yon bagay tou nèf. Men, te gen lòt moun ki te suiv yo nan fè poulaye, ki pa t milat, epi ki pa t soti nan menm klas sosyal avèk yo. Ta sanble te gen lòt faktè ki te rann aktivite sa a vyab.

Daprè politològ Jean-Germain Gros, premye mwatye deseni 1950 la te yon « epòk dore » pou ekonomi Ayiti a⁶⁵. Lajan t ap antre, paske pri kafe a te wo sou mache mondyal la, epi Etazini te gen yon nouvo klas mwayen ki te kòmanse vizite Ayiti kòm touris. To echanj dola a te stab (5 goud pou yon dola) nan epòk sa a ; sa te nan avantaj Ayisyen ki t ap enpòte machandiz ak ekipman endistryèl sot Etazini. Kanta leta ayisyen, li te fenk fin peye pi gwo dèt li yo, epi li te gen lajan nan kès li paske li t ap touche tarif dwanyè sou anpil pwodui. Tarif sa yo te pwoteje pwodiksyon nasyonal la, epi leta a te kòmanse investi pou kreye kèk endistri ki te kreye anplwa nan peyi a.

Pandan peryòd Duvalier yo a (1957-1986), leta a te kontinye jwe yon wòl enpòtan nan ekonomi a⁶⁶. Sektè prive a te kolabore ak leta a pou kore investisman nan agwoendistri, pou redwi enpòtasyon epi ogmante ekspòtasyon, atravè enpo yo⁶⁷. Sou yon lòt bò, priyorite François Duvalier

64 Wè : Marie-Agnes Sourieau, « Introduction », paj ix.

65 Paragraf sa a baze sou paj 977-978 nan Jean-Germain Gros, “Indigestible Recipe: Rice, Chicken Wings, and International Financial Institutions. Or Hunger Politics in Haiti,” *Journal of Black Studies* 40 (5) 2010: 974-986.

66 Giovanni Caprio, « Introduction à l’histoire économique d’Haïti », Nan Cary Hector ak Hérard Jadotte (éds.), *Haïti et l’après-Duvalier: continuités et ruptures*, volim 1, paj 141-166. Monreyal, CIDIHCA, 1991 ; Jean-Germain Gros, “Indigestible Recipe: Rice, Chicken Wings, and International Financial Institutions. Or Hunger Politics in Haiti,” *Journal of Black Studies* 40 (5), 2010: 974-986.

67 “Birth of New Haitian Tax Law Described,” *Haiti Sun*, 31 janvyè 1960, paj 6.

ak Jean-Claude Duvalier se te asire pwòp pouvwa pa yo ; kritè sa a te enfliyanse politik ekonomik yo⁶⁸. Nan sans sa a, pwosesis endistryalizasyon an pa t janm rive efikas ase pou l te fè peyi a pran elan tout bon, e sa te pote konsekans apre, lè leta a te pral oblije retire pwoteksyon yo. Men, kanmenm, se te yon epòk ki te favorab pou anpil antreprenè ayisyen.

Nan menm epòk Desquiron yo t ap frape a, Etazini t ap bay leta ayisyen an èd pou devlope endistri agrikòl yo ann Ayiti. Apre siklòn Hazel te fè anpil dega ann Ayiti nan lane 1954, ajans Nasyonzini a ki rele FAO te kòmanse kanalize èd pou sektè poulaye an patikilyè, atravè Ministè Agrikilti Ayiti a⁶⁹, epi te gen lòt pwogram Nasyonzini pou devlopman ann Ayiti an jeneral, nan menm peryòd la. Li klè, gwo pwisans yo t ap jere pwòp entere pa yo lè yo te fè entèvansyon sa yo. Se te epòk Gè Fwad la, kote Etazini t ap eseye anpeche peyi vwazen li yo tounen kominis.

Men, an gwo, se tout faktè nou sot rakonte yo ki te pemèt yon endistri poulaye pran fòm nan peyi a. Pa egzanp, lè Ghislaine Desquiron te kòmanse vann poul yo, premye kliyan li yo se te otèl ki t ap sèvi touris yo⁷⁰. Lè l te al Kalifoni pou aprann teknik elvaj poul modèn, an 1952, se leta a ki te fè li jwenn bous Nasyonzini pou sa⁷¹. Lè l tounen, se menm leta a ki mande li fè yon fòmasyon pou etidyan agwonmi yo nan inivèsite leta a, Damyen⁷². Lè l fin fòme yo, yon bank agrikòl leta a te kreye nan menm lane a (Institit Haïtien de Crédit Agricole et Industriel la) te mande l travay avèk loreya yo pou kreye yon Kowoperatif poulaye⁷³. Lè Ghislaine te tounen Etazini pou etidye epi fè yon staj pandan senk mwa ankò, an 1955, se Nasyonzini ki te finanse bous sa a, tou⁷⁴.

68 Non sèlman te gen anpil koripsyon, yo te pwoteje moun pa, san yo pa t egzije yo fè efò pou vin pi konpetitif, epi yo te pèsèkite anpil moun konpetan. Pou yon analiz kritik ki bay anpil detay sou ekonomi Ayiti sou François Duvalier, wè : Guy Pierre, « Bilan économique du Duvalierisme » *Nouvelle Optique* 1 (4), 1971 : 33-49.

69 Association Avicole Haïtienne, « Relance de la production nationale d'œufs et de l'élevage des volailles en Haïti », 2023, paj 8.

70 "New Chicken Industry Boon to Local Economy," *Haiti Sun*, 15 jiyè 1956, paj 1.

71 « Mme Jean Desquiron va en Californie », *Le Nouvelliste*, 11 jiyè 1952, paj 4.

72 "New Chicken Industry Boon to Local Economy," *Haiti Sun*, 15 jiyè 1956, paj 2.

73 "New Chicken Industry Boon to Local Economy," *Haiti Sun*, 15 jiyè 1956, paj 2.

74 "New Chicken Industry Boon to Local Economy," *Haiti Sun*, 15 jiyè 1956, paj 2.

An 1960, bank agrikòl la t ap bay kredi toujou⁷⁵, fakilte Damyen an t ap ofri fòmasyon sou elvaj poul toujou⁷⁶, epi leta ayisyen an, leta ameriken an, ak yon òganizasyon ameriken t ap kolabore atravè ODVA (Organisation de Développement de la Vallée de l'Artibonite) pou fè sektè poulaye a pran ekstansyon nan peyi a⁷⁷.



Imaj 14. Yon anons nan *Le Nouvelliste* (1960) kote inivèsite leta a t ap ankadre pwodikti poul ak ze⁷⁸.

Tout politik sa yo te ankouraje anpil moun antre nan sektè a. Se pa yon aza, Desquiron yo kòmanse investi anpil nan piblisite an 1960. Si yo te oblije fè sa, se paske te kòmanse gen lòt moun ki t ap vann poul ak ze menm jan avèk yo.

Men, dapre Claire McGuigan, se nan lane 1970 yo, teren an te prepare pou endistri a pran elan pou tout bon, paske pwodikti yo te kòmanse redui depandans yo sou enpòtasyon yo⁷⁹. Pa egzanp, leta a te achte aksyon nan yon konpayi ki te fè manje poul, Société de Nutrition Animale la

75 *Le Nouvelliste*, 15 jiyè 1960, paj 2.

76 *Le Nouvelliste*, 19 avril 1960, paj 2.

77 "ODVA Still Working...", *Haiti Sun*, 27 mas 1960, paj 12.

78 *Le Nouvelliste*, 19 avril 1960, paj 2.

79 Paragraf sa a baze sou paj 20-24 nan Claire McGuigan, "Agricultural liberalisation in Haiti," rapò Christian Aid, 2006.

(SONUAM), pou pwodiktè yo pa oblije enpòte l⁸⁰. Lè fini, nan lane 1979, te gen yon maladi ki te afekte kochon kreyòl yo, epi Etazini te fè touye yo tout, an 1982. Sa te yon gwo dezaz pou fanmi peyizan yo, men, sou yon lòt bò, li te fè plis moun kòmanse achte vyann poul (paske yo pa t ka jwenn vyann kochon ankò), epi sa te ankouraje endistri poulaye a. Se sa k te pemèt yon to kwasans 14% chak ane, soti nan lane 1980 rive 1985, nan endistri sa a.

Se nan peryòd sa a, anpil nouvo konpayi te fonde, epi Desquiron yo te vin oblije bay vag, akòz konpetisyon an te vin twòp pou yo. Men, se pa peyi a ki pa t ofri kondisyon pou fè poulaye ; okontrè, kondisyon yo te favorab anpil. Nan lane 1982, ki se menm lane konpayi Desquiron yo a te sispann aktivite li yo, te gen 2.5 milyon poul blan ki te vann Pòtoprens, epi tout sa se te pwodiksyon nasyonal⁸¹.

Kanmenm, te gen ganyan ak pèdan. Pa egzanp, yon konpayi ki te rele Promoteurs et investisseurs associés, S.A. (PRINSA) te jwenn yon kredi 6 milyon dola vèt nan men Bank Mondyal la ak kèk lòt enstitisyon, pou ede yo ranpli vid Desquiron yo te kite nan sektè a⁸². PRINSA se te pou fanmi Brandt ak pou Guy Rivière, ki te prezidan KFC ann Ayiti ; yo fonde li an 1981. Nan menm tan, ti pwodiktè yo te gen yon kowoperativ, Cooperative des Eleveurs de Poulets (COOPEP), ki te responsab 40% poul blan sou mache a⁸³. Kowoperativ la te jwenn yon ti pwojè tou, pou 500,000 dola US nan men USAID⁸⁴, men, finansman sa a te twò piti lontan pou pemèt yo fè konpetisyon ak PRINSA, epi PRINSA vale teren jis lè l kraze yo⁸⁵. Se kon sa, peyizan yo pèdi ni kochon yo, ni poulaye yo nan premye mwatye

80 Claire Mcguigan, "Agricultural liberalisation in Haiti," paj 20-24.

81 Giovanni Caprio ak Daniel César Jocelin, "COOPEP Project (0169/9) Final Evaluation," Rapò USAID, 1985, paj 19.

82 Giovanni Caprio ak Daniel César Jocelin, "COOPEP Project (0169/9) Final Evaluation," paj 19 ; Cooperative Des Eleveurs De Poulets (COOPEP) ak Cooperative League of the USA (CLUSA), "Operational Program Grant Proposal (OPG) for COOPEP Integrated Cooperative Poultry Project," pwoje USAID, Pòtoprens, 1983, paj 7.

83 Giovanni Caprio ak Daniel César Jocelin, "COOPEP Project (0169/9) Final Evaluation," paj 19.

84 Abdul Wahab, "Project Evaluation Summary: CLUSA-COOPEP-Poultry Cooperative Project," rapò pou USAID, paj 1.

85 Giovanni Caprio ak Daniel César Jocelin, "COOPEP Project (0169/9) Final Evaluation," paj 6.

deseni 1980 an. Ti èd yo ba yo a pa t ka fè anyen pou yo ; se yon kout « mode-soufle » yo te ba yo.

Men ki jan sa te vin degrenngole

Lè anbago a (1991-1994), PRINSA te soufri menm jan ak tout moun⁸⁶. Men, sa k fin kraze elvaj endistryèl poul nan peyi a nèt se lè Wachingtonn te enpoze yon politik neyoliberal sou leta ayisyen, apati 1995 ak sitou pandan premye manda Préval (1996-2001)⁸⁷. Yo sispann pwoteje pwodiksyon nasyonal la, epi moso poul konjele sot Etazini te anvayi peyi a. Menm PRINSA pa t ka kenbe konpa a. Yo fèmen an 1998. Lòt konpetitè yo fè menm jan, nan menm epòk la⁸⁸ ; pami ti pwodiktè ak pwodiktè mwayen ki t ap frape an 1990, anviwon 98% te gentan bay vag nan lane 2000⁸⁹. Nan yon peyi ki te konn pwodui 6,500,000 poul pou vyann ak 112,000 poul pondèz chak ane (sèl PRINSA t ap pwodui 6 milyon poul pa ane, pou kont li⁹⁰), pwodiksyon an te bese jis li rive nan 45,000 poul pou vyann ak 30,000 poul pondèz an 1998⁹¹. (An pasan, se menm sa k te rive nan sektè diri ayisyen an⁹².)

Claire McGuigan fè yon analiz sou enpak dezendistryalizasyon nan sektè poulaye a sou ekonomi peyi a⁹³. Sèlman nan PRINSA, anviwon 1,650 moun te pèdi djòb yo, san nou pa konte enpak salè yo ak lòt depans konpayi a te fè lè kòb sa a t ap sikile nan zòn nan. Pou tout, se te ekivalan 40,000 dola US PRINSA te konn depanse nan nivo lokal chak semèn, sa ki te pemèt anpil moun Twou Kayiman fè kay an blòk pandan konpayi a te fonksyone nan lokalite sa a (ki nan komin Tomazo). Omwen 25% nan

86 Leslie Péan, « Haïti: L'effet Clifford Brandt junior », *Alterpresse*, 28 oktòb 2012.

87 Claire McGuigan, "Agricultural liberalisation in Haiti"; Jean-Germain Gros, "Indigestible Recipe"; Leslie Péan, « Haïti: L'effet Clifford Brandt junior ».

88 Jamie McGee, "Haiti poultry industry still feels pain of US imports," *The Tennessean*, 21 me 2016.

89 Claire McGuigan, "Agricultural liberalisation in Haiti," paj 22.

90 Claire McGuigan, "Agricultural liberalisation in Haiti," paj 21.

91 Leslie Péan, « Haïti: L'effet Clifford Brandt junior ».

92 Council on Hemispheric Affairs, "Bill Clinton's Heavy Hand on Haiti's Vulnerable Agricultural Economy: The American Rice Scandal », 13 avril 2010.

93 Paragraf sa a, ak tout paragraf ki vini apre li a, baze sou Claire McGuigan, "Agricultural liberalisation in Haiti," paj 20-24.

mayi konpayi poulaye yo te achte pou bay poul yo manje se te pwodiksyon nasyonal ; sèl PRINSA te konn achte 6 tòn mayi ayisyen chak ane. Lè sektè poulaye a te kraze, ak tout sektè moulen ki t ap prepare manje poul yo, pwodiktè mayi yo (sitou nan Plato Santral ak Okay) te pran gwo kou.

McGuigan kontinye analiz li pou montre efè sa te genyen sou konsomatè yo tou. Sou yon bò, yo te jwenn yon avantaj, paske poul enpòte a te pi bon mache (akòz poulaye jwenn sibvansyon Etazini, epi yo fè lajan sou vyann pwatrin yo vann lòt bò a, ki fè lòt moso yo voye Ayiti yo – kwis, zèl, pye, e latriye – se preske yon deche li reprezante pou yo). Men, menm rezon sa a fè avantaj la pa dire. Avèk ankourajman leta bay sektè a lòt bò a, sitou apati lane 1990 yo (nan menm epòk yo t ap kraze pwodiksyon Ayiti a), Etazini vin tounen pi gwo ekspotatè vyann poul nan mond lan. Sa fè l vin enterese nan lòt mache ki pi gwo pase Ayiti, tankou Larisi, epi kounye a yo p ap vann Ayiti vyann poul si se pa yon komand an gwo. Pou enpòtatè ayisyen yo, achte an gwo vle di yo bezwen investi nan frizè pou stoke vyann yo po ko ka vann lan, epi sa gen yon kou. Non sèlman se konsomatè yo ki pral peye kou sa a ak yon pri ki pi chè, se menm konsomatè sa yo tou k ap sibi lòt konsekans sou sante yo, lè pwoblèm kouran nan peyi a fè enpòtatè yo pa ka toujou stoke vyann poul la nan kondisyon nòmal⁹⁴. Apre sa tou, akòz moso vyann y ap vann Ayiti a pa gen yon kou pwodiksyon reyèl (paske vyann sa a se yon rès ki rete lè y ap pwodui vyann pwatrin pou mache Etazini a), pa gen yon pri minimòm ; pri a varye dapre sa mache a ka sipòte. Se sa k fè, tout tan yo t ap fè konpetisyon ak pwodiksyon nasyonal la, vyann enpòte a te vann piyay. Men, nan mezi yo fin ranplase pwodiksyon nasyonal la, pri a kòmanse ap monte. Se kon sa Ayisyen yo pèdi avantaj ekonomik vyann enpòte a te ba yo antanke konsomatè, apre yo te gentan pèdi avantaj pwodiksyon nasyonal la te ba yo antan ke anplwaye ak pwodiktè. Yon fwa ankò, se menm sa k te rive ak diri a⁹⁵.

94 Claire McGuigan, "Agricultural liberalisation in Haiti," paj 24.

95 Jean-Germain Gros, "Indigestible Recipe" paj 982-983.

Efò resan yo

Nan denye deseni yo, gen kèk efò ki fèt pou rekipere endistri poulaye ann Ayiti. Nan lane 2008, epi an 2012 ankò, leta a te mete kèk baryè kont enpòtasyon poul ak ze dominiken. Sa te kòmanse akòz yon maladi poul dominiken yo te genyen, men, li te kontinye paske li sèvi pou pwoteje poulaye nasyonal yo⁹⁶. Doktè (veterinè) Michel Chancy, ki te Sekretè d Eta pou Pwodiksyon Animal, soti nan lane 2008 rive 2016, te fè anpil efò pou ankadre antreprenè ak pwodiktè k ap fè elvaj poul (ak nan lòt filyè ankò, tankou elvaj bèf ak elvaj myèl) nan peyi a. (Misye kontinye ap ankouraje yo jiska prezan, nan wòl li kòm chechè nan inivèsite Quisqueya.)

Efò sa yo te bay rezilta. Yo te kreye kondisyon pou nouvo investisman nan sektè a, tankou Jamaica Broilers ki te monte yon gwo operasyon modèn (sou non Haiti Broilers) apati 2011. Piti piti, sektè a te kòmanse rebran fòm kò li. Soti nan 2011 pou rive nan 2020, pwodiksyon ze ann Ayiti te pase de 1 milyon a 24 milyon ze pa mwa, ki se ekivalan 50% ze yo konsome sou mache a⁹⁷. Sa t ap byen mache, men, Jamaica Broilers te kòmanse fè pèt akòz ensekirite a an 2018, epi sityasyon an te kontinye degrade, jis lè yo te kite peyi a an 2022⁹⁸. Preske tout gwo pwodiktè yo femmen nan moman sa a⁹⁹. Anpil ti pwodiktè oblije kanpe tou¹⁰⁰.

Kanta poulaye ki toujou la yo, se lite y ap lite. Pi fò yo oblije achte manje poul yo sot Sen Domeng, epi sa fè li pi difisil pou yo fè konpetisyon ak pwodiktè poul ak ze dominiken yo, ki benefisye nan yon politik sistematik pou ankadre yo nan denye deseni yo¹⁰¹. Dominiken yo pwodui ase pou yo reponn ak demann ki genyen lakay yo, ak pou yo ekspòte 1.6 milyon ze

96 Timothy Schwartz, « Emphases sur la production d'œufs et les stratégies de subsistance des ménages ruraux », rapò pou Finn Church Aid, 2015, paj 8.

97 Association Avicole Haïtienne, « Relance de la production nationale d'œufs et de l'élevage des volailles en Haïti », 2023, paj 2.

98 Jérôme Wendy Norestyl, « Comprendre la disparition de la plus importante compagnie de production d'œufs en Haïti », *Ayibopost*, 6 novanm 2023.

99 Association Avicole Haïtienne, « Relance de la production nationale », paj 2.

100 Wethzer Piercin, « Le cauchemar des jeunes agro-entrepreneurs haïtiens en faillite », *AyiboPost*, 11 oktòb 2023.

101 Timothy Schwartz, « Emphases sur la production d'œufs », paj 5-6.

chak jou pou Ayiti ankò¹⁰². Dayè, leta ayisyen an gen anpil difikilte (oswa li manke volonte) pou enplemante pwoteksyon kont enpòtasyon sa yo ; kontrebann lan se youn nan pi gwo pwoblèm pou pwodiktye ayisyen yo¹⁰³.

Lè fini, moso poul konjele (ki soti sitou Etazini) vin chanje kalite demann ki genyen sou mache a¹⁰⁴. Jan Cathie Laroche Dupraz ak Carole Ropars Collet di, jounen jodi a, yon moun Pòtoprens ki anvi manje vyann poul pa oblije achte yon poul antye ; li ka achte yon grenn kwis poul, pa egzanp. Sa enpòtan pou anpil fanmi ki pa gen gwo mwayen. Men, endistri lokal la po ko gen yon enfrastrikti ki ta pemèt yo ofri menm posibilite a ; se poul antye yo ka vann, yo menm. Se sa k fè gen moun k ap fokis sou pwodiksyon ze pito, paske gen yon gwo mache pou sa. Men, monte yon endistri ze se pa yon bagay ki fasil pase sa, paske envestisman an pran plis tan avan l kòmanse bay ranman¹⁰⁵.

Kouraj

Malgre tout difikilte nou sot rezime yo, nou pa bezwen dekouraje ; peyi a ap ka leve pant la kanmenm. Fò n pa bliye, bagay yo pa t fasil pou Desquiron yo, tou. Te gen pann kouran¹⁰⁶, ak lòt kalite pwoblèm teknik¹⁰⁷. Te gen aksidan nan travay¹⁰⁸ ak chat mawon ki fè dega nan poulaye a¹⁰⁹. Te gen siklòn¹¹⁰, ak yon gwo lapli ki te kraze yon pon ki konekte yo ak lavil¹¹¹.

102 Daprè asosyasyon pwodiktye ze Sen Domeng lan, an janvyè 2023. « Asohuevo rechaza prohibición de exportar hacia Haití », 5 janvyè 2023.

103 Timothy Schwartz, « Emphases sur la production d'œufs », paj 11.

104 Paragraf sa a baze sou Catherine Laroche-Dupraz ak Carole Ropars-Collet, "Disruption on urban chicken markets in Haiti and Cameroon: the role of socio-economic factors on chicken's consumption," 3èmes journées INRA-SFERCIRAD de recherches en sciences sociales, déc. 2009, Montpellier.

105 Timothy Schwartz, « Emphases sur la production d'œufs », paj 10-11.

106 « Pas de rareté de poulets », *Le Nouvelliste*, 6 oktòb 1966, paj 4.

107 « Les Poulets reviennent », *Le Nouvelliste*, 8 mas 1968, paj 1.


108 "Ti Joseph Report," *Haiti Sun*, 11 mas 1956, paj 4.

109 "New Chicken Industry Boon to Local Economy," *Haiti Sun*, 15 jiyè 1956, paj 2.

110 « Intéressant Débat: Incidences du Cyclone sur le Commerce », *Le Nouvelliste*, 4 novanm 1954, paj 1.

111 "Gap In Training And Freres Road," *Haiti Sun*, 1 me 1960, paj 11.

Blan yo te konn ap sibvansyone lòt konpetitè yo ak pwojè¹¹², epi te gen konpetitè malonèt tou, ki t ap vann poul pa yo sou non poul Desquiron¹¹³. Brèf, yo te oblije fè fas ak tout kalite defi.



Avis Important
Quelques épiceries et bouche-
ries débitent sous le nom de Pou-
let DESQUIRON des poulets pro-
venant d'autres entreprises. Dé-
sirant sauvegarder notre bon re-
nom nous déclarons que le Pou-
let Desquiron n'est pas dans un
sachet en plastique, ne porte pas
de médaille; il est enveloppé
d'un papier glacé blanc portant la
mention suivante en lettres rou-
ges:

Imaj 15. Men yon avi kote nou aprann te gen konpetitè malonèt, ki mete non Desquiron sou poul pa yo pou twonpe konsomatè a. Li parèt nan *Le Nouvelliste* (1956)¹¹⁴.

An n pran yon egzanp pwoblèm lojistik. Jan nou te wè, yo te konn achte ti poul yo Etazini, pou leve yo Ayiti. Yon jou, konpayi avyon an deside yo p ap pote ti poul yo ankò, yo di se ze y ap pote pou yo sèlman. Lè sa, Jean oblije al Miami, achte yon enkibatè, epi Ghislaine oblije aprann sèvi avè l, pou yo kale ti poul yo Ayiti¹¹⁵. Sa pa janm mache akòz kouran an pa stab. Pi devan, yo vin kite yo antre ti poul Etazini yo ankò. Men, yon jou te gen yon lo ti poul ki rive san yo pa t gen sètifika veterinè, ki fè yo tou bloke nan dwàn nan¹¹⁶. Jean te kouri al Danyen pou mande chèf veterinè yo siyen sètifika a pou li, men, chèf la reponn li se demen maten l ap ka siyen. Lè yo rive nan demen, plizyè santèn nan ti poul yo te gentan mouri nan dwàn

112 "ODVA Still Working...", *Haiti Sun*, 27 mas 1960, paj 12.

113 « Avis Important », *Le Nouvelliste*, 12 novanm 1956, paj 6.

114 « Avis Important », *Le Nouvelliste*, 15 novanm 1956, paj 4.

115 "Haiti's Modern Chicken Farm," *Haiti Sun*, 2 desanm 1951, paj 4.

116 "Vet. Lets Chicks Die," *Haiti Sun*, 28 oktòb 1956, paj 1.

nan. Chèf la di se pa fot li, li pa ka kite poul yo antre san l pa konnen si yo malad¹¹⁷. Te gen anpil pale anpil¹¹⁸, men, finalman travay la te kontinye¹¹⁹.

Yon lè tou, nan mwa jen 1958, te gen yon eksplozyon nan wout Frè (bò lakay yo), menm lè Duvalier te gen pou l pase. Duvalier fè arete yo, ansanm ak kèk lòt moun ankò¹²⁰. Yo lage Ghislaine apre de twa jou¹²¹, men, Jean te fè plizye mwa nan prizon¹²². Detay yo pa fin klè (omwen pou sa k parèt nan jounal yo), paske Duvalier di l padonen yo¹²³, men, yo pa janm montre si yo te koupab¹²⁴.

Si Desquiron yo te reyisi, se paske yo te gen kouraj. Ghislaine, sitou, te yon fanm vayan paske, apre tout lòt pwoblèm li te genyen yo, li te oblije fè fas ak diskriminasyon antan ke fanm. Pa egzanp, malgre se Ghislaine ki fonde antrepriz la, epi ki te responsab pwodiksyon an, pafwa yo te konn minimize l akote mari li. *Le Nouvelliste* te rele Jean « *l'industriyaliste* », pandan yo rele Ghislaine « *sa captivante femme*¹²⁵ ». Anpil fwa, sosyete a pa bay medam yo valè pou efò yo fè a. Yo plis egzije yo ret nan wòl « bèl fanm » ki la pou fè gason plezi, oswa nan wòl yon « bon manman » ki fèt pou sakrifye rèv li yo paske l ap okipe pitit li yo.

Enben, Ghislaine Desquiron pa t pran nan diskou sa yo. Li te gentan gen twa pitit lè l kòmanse fè elvaj nan nivo endistryèl, epi li fè yon lòt pitit ankò, apre. Yon lè, nan yon reyinyon kote Minis Sante Piblik Ayiti a, Roger

117 « À propos des poussins de la ferme Desquiron », *Le Nouvelliste*, 29 oktòb 1956, paj 6.

118 « La Conscience Professionnelle – Une Interview avec Jean Desquiron », *Le Nouvelliste*, 10 novanm 1956, paj 1.

119 “Frères: Becoming Haiti’s Chicken Center,” *Haiti Sun*, 31 janvyè 1960, paj 11.

120 « Arrestations », *Le Nouvelliste*, 30 jen 1958, paj 1.

121 « Le cas de Mme J. Desquiron », *Le Nouvelliste*, 2 jiyè 1958, paj 1.

122 « Libérés », *Le Nouvelliste*, 29 oktòb 1958, paj 1.

123 “Numerous Persons Released From Custody,” *Haiti Sun*, 9 novanm 1958, paj 3.

124 Nan mwa oktòb 1956, lè Jean Desquiron te prezidan Klèb Entènasyonal Komès la, yo te envite senatè Louis Déjoie vin bay yon konferans. Avan li bay Déjoie lapawòl, Jean Desquiron te bay tout yon entwodiksyon pou di se pa politik yo t ap fè, epi yo pibliye sa ankò nan premye paj *Le Nouvelliste*. Men, si yo te santi obligasyon pou jistifye envitasyon an kon sa, ta sanble se paske anpil moun te wè sa kòm yon jès politik kanmenm. Kèk mwa apre, Déjoie te pral kandida pou prezidan kont Duvalier nan eleksyon 1957 la. Nou pa konnen si istwa sa a te gen pou wè ak evènman 1958 yo. Wè: « Au Club International de Commerce », *Le Nouvelliste*, 5 oktòb 1956, paj 1.

125 Aubelin Jolicoeur, « Au fil des jours », *Le Nouvelliste*, 17 avril 1969, paj 1.

Dorsinville, t ap bay medam yo presyon pou yo ret nan kay la, Ghislaine te pran lapawòl, li di fòk mesye yo asime responsabilite yo tou, pa rapò ak edikasyon ti moun yo¹²⁶.

An tou ka, responsabilite li nan fwaye a pa t anpeche Madam Ghislaine jere yon biznis, fè kou nan fakilte Damyen an, epi ankadre lòt pwodiktyè. Ni l pa t anpeche li vwayaje pou fòmè tèt li, pandan omwen 2 fwa. Li fè tout sa pandan ti moun yo te piti. Youn nan pitit yo, Lilas (sa k te Minis Kilti sou Aristide), te pral sonje pi devan, paran li yo te gen yon mantalite ouvè¹²⁷.

Vrèman, Ghislaine Desquiron se te yon fanm ekstraòdinè. Se te yon ra egzanj yon fanm endistryalis, epi sa te atire atansyon anpil moun, tankou sosyològ Madeleine Sylvain-Bouchereau, nan epòk sa a¹²⁸. Menm tan tou, li gen yon kote li reprezante yon mouvman ki pi laj, paske se te yon epòk kote anpil fanm ayisyèn t ap goumen pou dwa yo respekte. An n pa bliye, se nan lane 1950 yo, medam yo te resi jwenn dwa pou yo vote nan eleksyon¹²⁹.

Yon modèl dafè ki bay rezilta

Kouraj la nesèsè pou fè yon biznis mache ; men, li pa sifi. Fò w konn sa w ap fè tou. Nan sans sa a, li enpòtan pou n fè yon ti mize sou modèl dafè Desquiron yo, sitou kote l te sanble ak modèl dafè lòt konpayi ki te reyisi nan menm sektè a. Lè nou byen gade jan Desquiron yo te fonksyone, nou ka remake omwen senk aspè kote modèl dafè yo a sanble ak fòmil Jesse D. Jewell t ap enplemanje Etazini a nan menm epòk la¹³⁰, ki se menm fòmil ankò, Jamaica Broilers te enplemanje pi rèsaman ann Ayiti¹³¹.

126 “Mothers Should Not Allow Social Duties Interfere With Children,” *Haiti Sun*, 20 desanm 1953, paj 9.

127 Marie-Agnès Sourieau, «Introduction», paj ix.

128 Madeleine Sylvain Bouchereau, *Haïti et ses femmes*, Pòtoprens: Les Éditions Fardin, 1957, paj 159.

129 Fegenson Hermogène, «L’histoire du mouvement féministe haïtien (Première partie)», *Ayibopost*, 19 mas 2019.

130 Carl Weinberg, «Jesse Jewell», *New Georgia Encyclopedia*, 2005; Davie Seibert, «Jesse Jewell», 12 oktòb 2009, The Historical Marker Database.

131 “Haiti Broilers, S.A.,” sit wèb Groupe Coles.

Premyeman, gwo konpayi yo montre yo bezwen gen kontwòl tout chèn valè a, nèt. Sa vle di, yo fè sa yo rele entegrasyon vètikal, kote chak pa, soti nan matye premye, pase pran transfòmasyon, pou rive nan distribisyon, nan men yo. Ta sanble se kon sa yo ekonomize lajan, paske pa gen entèmedyè k ap pran moso nan chak etap chèn valè a. Lè fini, sa fè l pi difisil pou yon nouvo konpetitè ta pèse sektè a. Ann Ayiti, li difisil pou yo jwenn tout sa yo bezwen pou manje poul yo (ak pou kale pousen amelyore yo), ki fè yo oblije achte nan men founisè etranje pou pati sa a, men, ou wè yo toujou ap bat pou yo rezoud pwoblèm sa a.

Poutan, gen yon pati nan chèn valè a kote yo konn sèvi ak yon estrateji soutretans. Tout twa konpayi yo bay yon pakèt ti pwodiktè leve poul chè yo pou yo. Yo bay oubyen vann yo tout sa yo bezwen, epi yo re-achte poul yo nan men yo lè poul yo pare pou yo touye yo. Yo toujou montre w se yon fason y ap ede ti pwodiktè fè kòb. Nou pa di se manti, men, pou jan nou wè tout gwo konpayi yo renmen fè sa, sa fè nou panse yo fè benefis ladan l tou. Gen lè se paske sa pemèt yo fokis sou pati abatwa a ak maketing, san yo pa pèdi tan ap bay poul manje chak jou (nenpòt moun ka fè sa). Lè fini, kòm se yon sèl gwo konpayi ki gen abatwa a nan chak zòn, ti pwodiktè k ap angrese poul pou yo pa gen anpil pouvwa pou negosye pri ak lòt kondisyon yo.

Twazyèm aspè nou remake lakay Desquiron yo ak lòt gwo konpayi yo, se yon kontwòl syantifik pou asire efikasite travay la. Pa egzanp, depi 1956, Ghislaine Desquiron te gen kontwòl konben liv manje li te bezwen pou fè yon liv vyann : ant 2.70 ak 2.85 liv¹³². (Ta sanble sa pa t mal ditou pou epòk sa a : an 1982, lè endistri a te pi avanse lontan, pwodiktè COOPEP yo t ap pwodui ak yon rasyo 2.9:1, epi se avèk anpil efò yo te fè l desann a 2.3-2.5:1 an 1984¹³³.)

Katriyèm aspè a gen pou wè ak maketing. Chak konpayi sa yo gen mak pa yo, epi yo envesti anpil nan piblisite, jis yo fin etabli mak la sou mache a. Sa enpòtan pou yo, paske si poul la depase 45 jou, epi ou pa ka vann li, w ap fè pèt nan ba l manje. Pou biznis la ka mache, fò w prevwa konben

132 "New Chicken Industry Boon to Local Economy," *Haiti Sun*, 15 jiyè 1956, paj 2.

133 Giovanni Caprio ak Daniel César Jocelin, "COOPEP Project (0169/9) Final Evaluation," paj 13.

w ap vann, e fò w vann anpil. Lè w gen mache a nan men w, w ap brase kanmenm, e w ap ka vann nan yon pri ki pi ba pase pri konpetitè w yo. Men, si se pou pwodui a (vyann poul blanch), pa vrèman gen anpil dife-rans ant konpetitè yo, ki fè se plis mak la ki ka ba w popilarite sou mache a.

Senkyèm aspè a se inovasyon. Inovasyon se lè yon moun fè yon bagay tou nèf nan kontèks kote li ye a, menm si se kopye l ap kopye sa yo fè yon lòt kote. Nan sans sa a, modèl pwodiksyon endistryèl Desquiron yo se te yon inovasyon pou Ayiti, paske yo t ap enplemante yon modèl ki te egziste Etazini (lakay Jesse D. Jewell yo), men, ki po t ko janm fèt ann Ayiti. Yo te fè lòt inovasyon tou. Pa egzanp, an 1956, lè Desquiron yo te apèn kòmanse pwodui manje poul nan yon izin Pòtoprens, yo te konn vann manje a nan yon sak twal ki te gen yon bèl ti desen an koulè, pou medam yo fè wòb avè l¹³⁴. Se Desquiron yo ki te vini avèk lide maketing sa a, pou fè moun achte manje poul nan men yo.

Inovasyon pèmanan

Depi gen inovasyon ki reyisi, konpetitè yo p ap pa kopye l. Nou wè sa, pa egzanp, ak modèl pwodiksyon Desquiron yo te kopye nan men Jesse D. Jewell, epi anpil lòt moun ann Ayiti te kopye l nan men Desquiron yo. Se pou tèt sa, inovasyon dwe rete yon aspè pèmanan nan yon modèl dafè ; si non, menm konpetitè ki te pi kreyatif la ka pèdi avantaj li a, paske y ap ratrape l kanmenm.

Jounen jodi a, nou wè inovasyon tou nèf k ap fèt nan sektè a. Pa egzanp, gen yon poulaye Savann Kare (nan depatman Nòdès, sou wout ki konekte Wanament ak Kap Ayisyen), ki te jwenn yon fòmil pou fè konpetisyon ak ze dominiken yo. Lè machann Okap yo achte ze sou fwontye a, se yo menm ki responsab transpò a, epi sa konn bay yo anpil pwoblèm (paske ze dominiken se kontrebann, epi yo ka kraze fasil, epi gen volè). Eben, pou-laye Savann Kare a te konn fè machann yo vin triye ze yo te pral bezwen yo, epi nan demen, yo fè livrezon pou yo Okap. Menm si yo pa t ka bat Sen Domeng nan pri ze yo (akòz yo t ap achte manje poul yo Sen Domeng), yo te bat yo nan sèvis yo ofri machann yo. Malerèzman, sa te vin kraze,

134 "New Chicken Industry Boon to Local Economy," *Haiti Sun*, 15 jiyè 1956, paj 2.

paske lè fwontye a femen, yo gen pwoblèm pou jwenn manje poul yo. Men, si se pa pou sa, sa t ap mache trè byen nan epòk 2021, 2022 kon sa¹³⁵. Kanmenm, se yon ti limyè ki bay lespwa pou sektè a ann Ayiti.

Manje poul yo rete yon defi. Jamaica Broilers te rezoud li ak yon gwo, gwo echèl epi yon enstalasyon tou pre pò Lafito, ki te pemèt yo enpòte mayi an gwo epi transfòmè l yon fwa. Men, se pa tout moun ki gen posibilite sa a. Rès pwodikte yo, atravè yon asosyasyon ki rele Association Avicole Haïtienne (AAVIHA), ap eseye mete tèt yo ansanm pou yo achte manje ak ti poul an blòk, epi y ap tcheke lòt peyi ki te ka founisè yo, pou yo eseye jwenn pi bon pri¹³⁶; dayè, se menm sa ti pwodikte Sen Domeng yo fè pou achte mayi ak soja, lakay yo¹³⁷. Apre sa tou, lè n konsidere jan Jamaica Broilers te bay vag akòz ensekirite Pòtoprens lan, li ta bon si peyi a te ka ranfòse pò an pwovens yo, pou pemèt kèk nan yo enpòte mayi an gwo. Tout sa t ap konte kòm inovasyon, nan kontèks alèkile Ayiti a.

Gen lòt kalite inovasyon k ap fèt nan vole manje poul yo. Nan lemond antyè, y ap chache yon sous pwoteyin altenatif pou mete nan manje poul yo. Yo te kòmanse ak yon farin yo fè ak ti pwason, men, sa vin pa dirab epi li twò chè, ki fè yo plis itilize soja kounye a¹³⁸. Men, soja se yon pwoblèm pou anviwonman an, paske plantasyon soja se youn nan pi gwo kòz debwazman ak chanjman klimatik¹³⁹. Lè fini, pou peyi k ap enpòte soja yo, li chè epi li fè yo vilnerab devan iregilarite ki konn genyen nan chenn pwovizyonman an. Kidonk gen moun nan plizyè peyi k ap fè esè

135 Se yon machann ze Okap ki esplike m tout sa.

136 Henry Chatelin, «Relanse pwodiksyon ze ak elvaj poul nan peyi a», videyo prezantasyon nan Wébinair Relance de la production nationale, 7 novanm 2023, minit 47.

137 Ti pwodikte La Vega yo gen yon asosyasyon ki pemèt yo achte mayi ak soja an gwo, dirèkteman nan batò ki soti Etazini, Ajantin oswa Brezil. Asosyasyon an etabli yon pri pou lavant, epi li ede pwodikte yo jwenn kliyan rapid nan moman pwodui yo a pare (sa ede kliyan yo tou, ki ka jwenn pwodui yo bezwen an nenpòt lè). Se kon sa yo resi fè konpetisyon ak gwo konpayi yo (gen youn Moca ak youn Bajos de Haina). Se yon pwodikte poul La Vega ki esplike m sa.

138 S. M. Barlow, "Fish meal," nan Benjamin Caballero, ed., *Encyclopedia of Food Sciences and Nutrition* (dezyèm edisyon), Academic Press, 2003, paj 2486-2491.

139 Hannah Ritchie, "Is our appetite for soy driving deforestation in the Amazon?," *Our World in Data*, 7 fevriye 2021.

ak lòt plant ki gen pwoteyin ladan yo, tankou jatwofa (*Jatropha curcas*)¹⁴⁰, oswa ak ensèk, tankou lav yon mouch ki rele « solda nwa » (*Hermetia illucens*)¹⁴¹ ak lav mit (*Tenebrio molitor*)¹⁴². Ann Ayiti, gen yon biyolojis nan inivèsite Quisqueya, Gaël Pressoir, ki fè rechèch sou jatwofa¹⁴³, epi gen yon òganizasyon nan Nò ki rele SOIL, k ap fè esè ak mouch solda nwa a¹⁴⁴. Sa po ko bay rezilta, men, n ap suiv.

Si w mande pwodiktè poul ayisyen yo, y ap di w pi gwo ijans yo se pwoteksyon kont konpetisyon Sen Domeng lan, ak yon solisyon pou manje poul ki twò chè a. Men, apre sa, gen yon lòt bagay yo mande ankò, ki se yon « tab sektoryèl » kote enstans leta ki konsène yo chita ansanm avèk yo, ak lòt sektè ki konsène tou (tankou fakilte agwonmi yo), pou yo ka chache solisyon ansanm¹⁴⁵. Daprè plizyè ekonomis, fòm inovasyon sa a nan kad jèsyon politik endistryèl yo bay bon jan rezilta nan lòt peyi deja¹⁴⁶.

Konklizyon

Non sèlman pwodiksyon nasyonal la enpòtan pou ekonomi a, li enpòtan tou pou retire vant peyi a nan men etranje. Nan sans sa a, fò n kontinye reflechi sou ki jan n ap mete manje nan asyèt nou. La, nou apenn bay yon ti apèsi sou premye konpayi ki te monte yon sistèm elvaj modèn nan peyi

140 M. Saeed et al., “Jatropha (*Jatropha curcas*) meal is an alternative protein source in poultry nutrition,” *World’s Poultry Science Journal*, 73 (4) 2017: 783-790.

141 Helena Čičková, G. Larry Newton, R. Curt Lacy, Milan Kozànek, “The use of fly larvae for organic waste treatment,” *Waste Management*, vol. 35, 2015, Paj 68-80.

142 Alexandre Thévenot et al., “Mealworm meal for animal feed: Environmental assessment and sensitivity analysis to guide future prospects,” *Journal of Cleaner Production*, vol. 170, 2018, paj 1260-1267.

143 Gaël Pressoir, « Potentiel du *Jatropha curcas* pour le développement économique, le reboisement, et l’aménagement de bassins-versants en Haïti », nan *Lutte antiérosive: Réhabilitation des sols tropicaux et protection contre les pluies exceptionnelles*, Marseille, IRD Éditions, 2012; Gaël Pressoir nan « Pwodiksyon Ze opòtinite KREYOL », videyo MARNDR sou chenn YouTube Michel Chancy, apati minit 10:00.

144 SOIL Haiti, “Breeding in Progress: Updates on SOIL’s BSFL Research,” nan blòg SOIL Haiti a, 8 jiyè 2022.

145 Henry Chatelin, « Relanse pwodiksyon ze ak elvaj poul nan peyi a », minit 49:20; Association Avicole Haïtienne, « Relance de la production nationale », paj 2.

146 Réka Juhász, Nathan Lane ak Dani Rodrik, “The New Economics of Industrial Policy,” Working Paper, 2023: paj 31-33.

a, epi nou te mete l an dyalòg ak istwa pi resan an, pou n te ka souleve kèk kesyon sou sityasyon alèkile a. Nou panse kontribisyon sa a gen valè li, pou enfòmasyon li esplike a, ak kòm yon egzanp kalite rechèch syantifik ki posib ak resous ki bay aksè gratis an liy, tankou achiv Bibliothèque Numérique des Caraïbes la.

Sa klè, atik sa a gen limitasyon li. Pa egzanp, nou pa t gen chans konsilte yon liv ki t ap enpòtan anpil nan demach nou sot fè la, ki se *Je me souviens*, kote Jean Desquiron rakonte istwa lavi li, an 1995. Pandan nou di sa, si yon chechè te vle antre pi fon toujou, li pa twò ta pou l ta menm fè kèk entèvyou ak moun ki te la e ki sonje epòk Desquiron yo t ap mennen an.

Ka Desquiron yo a, ak sektè poulaye a, merite plis atansyon. Jounen jodi a, nou pa ka womantize endistri poulaye a ; fò n ta pran aspè negatif agwoendistri an konsiderasyon¹⁴⁷, epi chache solisyon ak altenatif tankou agwoekoloji¹⁴⁸. Nan sans sa a, li ta nesèsè tou pou yo ta etidye yon dosye paralèl, nou pa t devlope nan atik sa a, ki se elvaj poul peyi lakay peyizan yo. Se yon mond apa li ye nan sans lojik li¹⁴⁹ ; men, li gen pou wè ak menm sistèm manje, nan menm peyi a. Menm jan tou, gen lòt filyè agrikòl ak endistryèl nou ta dwe analize, pou n ka sitye etid sa a nan kad yon vizyon ki pi laj.

An tou ka, nou espere sa nou rakonte sou antrepriz Desquiron an ka pote yon ti limyè pou moun ki enterese nan istwa peyi a. Nou ta kontan tou si l ofri yon ti enspirasyon pou jèn yo, paske lavni peyi a nan men yo. Menm si sa peyi a mande se solisyon tou nèf, olye yon kopye kole eksperyans pase yo, nou panse li enpòtan pou nou byen konprann eksperyans sa yo, pou nou ka aplike leson nou te aprann ladan yo.

147 Pou yon analiz efè poulaye endistryèl yo sou anviwonman an, wè Goran Gržinić et al., “Intensive poultry farming: A review of the impact on the environment and human health,” *Science of The Total Environment* 858 (3), 2023. Pou yon vizyon kritik sou efè endistri poulaye genyen sou sante moun ak lòt dimansyon sosyal ak ekonomik, wè Steve Striffler, *Chicken: The Dangerous Transformation of America’s Favorite Food*, New Haven, Yale, 2005.

148 Wè, pa egzanp, Miguel Altieri, *Agroecology. The Science of Sustainable Agriculture*, Boulder, Westview, 1995.

149 Timothy Schwartz, « Emphases sur la production d’œufs ».

Referans nou te site yo

Ansiklopedi ak baz done

« Ghislène Dreyfuss » sou Geneanet : <https://gw.geneanet.org/mhudicourtraber?lang=en&pz=georges+jeffries&nz=barnes&p=ghislene&n=dreyfuss>

Seibert, David. « Jesse Jewell », 12 oktòb 2009. The Historical Marker Database: <https://www.hmdb.org/m.asp?m=23152>

Weinberg, Carl. « Jesse Jewell », *New Georgia Encyclopedia*, 2005. <https://www.georgiaencyclopedia.org/articles/business-economy/jesse-jewell-1902-1975/>

Liv ak atik syantifik

Altieri, Miguel. *Agroecology. The Science of Sustainable Agriculture*, Boulder, Westview, 1995.

Barlow, S. M. "Fish meal". Nan Benjamin Caballero, ed., *Encyclopedia of Food Sciences and Nutrition* (dezyèm edisyon), Academic Press, 2003, paj 2486-2491.

Caprio, Giovanni. « Introduction à l'histoire économique d'Haïti ». Nan Cary Hector ak Hérard Jadotte, eds., *Haïti et l'après- Duvalier: continuités et ruptures*, volim 1, paj 141-166. Monreyal, CIDIHCA, 1991 : <https://yonlotekonomi.wordpress.com/2022/11/24/caprio-giovanni/>

Čičková, Helena, G. Larry Newton, R. Curt Lacy ak Milan Kozánek. "The use of fly larvae for organic waste treatment," *Waste Management*, vol. 35, 2015, Paj 68-80.

Desquiron, Jean. *Haïti à la une* (6 tòm, 1993-1997).

_____. *Haiti as Seen by Foreigners*.

_____. *Haïti vue par l'étranger et par les Haïtiens*.

_____. *Je me souviens : une audience haïtienne*, 1995.

_____. *Les journalistes parlent*, 1996.

_____. « Ecrire l'histoire est difficile: Cinq récits différents de la geste de l'Amiral Killick », *Revue de la Société haïtienne d'histoire, de géographie et de géologie* 45, no. 154, 1987 : 69–80.

Fatton, Robert. "Book Review: *Bon Papa: Haiti's Golden Years* by Bernard Diederich (Princeton NJ: Markus Wiener, 2009)," *New West Indian Guide* 85(1/2), 2011: 133-135. <https://www.jstor.org/stable/41850639?seq=1>

- Gros, Jean-Germain. « Indigestible Recipe: Rice, Chicken Wings, and International Financial Institutions. Or Hunger Politics in Haiti », *Journal of Black Studies* 40(5), 2010: 974-986. Disponib : https://www.researchgate.net/publication/294874496_Indigestible_RecipeOr_Hunger_Politics_in_Haiti
- Gržinić, Goran, Agnieszka Piotrowicz-Cieślak, Agnieszka, Klilmkowicz-Pawlas, Rafal L. Górny, Anna Ławniczek-Wałczyk, Lidia Piechowicz, Ewa Olkowska, Marta Potrykus, Maciej Tankiewicz, Magdalena Krupka, Grzegorz Siebielec ak Lidia Wolska. “Intensive poultry farming: A review of the impact on the environment and human health,” *Science of The Total Environment* 858 (3) 2023 : <https://www.sciencedirect.com/science/article/pii/S0048969722071145> .
- Juhász, Réka, Nathan Lane ak Dani Rodrik. “The New Economics of Industrial Policy,” Working Paper, 2023: paj 31-33 : https://drodrik.scholar.harvard.edu/sites/scholar.harvard.edu/files/dani-rodrik/files/the_new_economics_of_ip_081423.pdf
- Laroche-Dupraz, Catherine ak Carole Ropars-Collet. “Disruption on urban chicken markets in Haiti and Cameroon: the role of socio-economic factors on chicken’s consumption,” 3èmes journées INRA-SFERCIRAD de recherches en sciences sociales, déc. 2009, Montpellier : <https://institut-agro-rennes-angers.hal.science/hal-00729164/document>
- Pierre, Guy. « Bilan économique du Duvalierisme », *Nouvelle Optique* 1 (4) 1971: 33-49. Disponib : <https://yonlotekonomi.wordpress.com/2023/09/12/pierre-guy/>
- Pressoir, Gaël. « Potentiel du Jatropha curcas pour le développement économique, le reboisement, et l’aménagement de bassins-versants en Haïti ». Nan *Lutte antiérosive : Réhabilitation des sols tropicaux et protection contre les pluies exceptionnelles*, Marseille, IRD Éditions, 2012 : <http://books.openedition.org/irdeditions/13754>.
- Ritchie, Hannah. “Is our appetite for soy driving deforestation in the Amazon?,” Our World in Data, 7 fevriye 2021 : <https://ourworldindata.org/soy>
- Saeed, M., M. A. Arain, M. Arif, M. Lagawany, M. E. Abd El-Hack, M. U. Kakar, R. Manzoor, S. Erdenee ak S. Chao. “Jatropha (Jatropha curcas) meal is an alternative protein source in poultry nutrition,” *World’s Poultry Science Journal* 73 (4) 2017: 783-790.
- Sourieau, Marie-Agnès. « Introduction ». Nan Lilas Desquiron, *Reflections of Loko Miwa*, Univeristy Press of Virginia, 1998. Disponib sou Google Books.
- Striffler, Steve. *Chicken: The Dangerous Transformation of America’s Favorite Food*, New Haven: Yale, 2005 : <https://dokumen.pub/chicken-the-dangerous-transformation-of-americas-favorite-food-9780300128161.html>
- Sylvain Bouchereau, Madeleine. *Haïti et ses femmes*, Pòtoprens, Les Éditions Fardin, 1957, paj 159: http://classiques.uqac.ca/contemporains/sylvain_bouchereau/madeleine/Haiti_et_ses_femmes/Haiti_et_ses_femmes.pdf
- Thévenot, Alexandre, Julio L. Rivera, Aurélie Wilfart, Frédéric Maillard, Melynda Hassouna, Tristan Senga-Kiese, Samuel Le Féon ak Joël Aubin. “Mealworm meal

for animal feed: Environmental assessment and sensitivity analysis to guide future prospects,” *Journal of Cleaner Production*, vol. 170, 2018, paj 1260-1267: <https://www.sciencedirect.com/science/article/pii/S0959652617320437>

Journal

Haiti Sun

- “Beachcomber,” *Haiti Sun*, 17 fevriye 1952, paj 3: <https://dloc.com/fr/AA00015023/00074/images/2>
- “Beachcomber,” *Haiti Sun*, 28 mas 1953, paj 13: <https://dloc.com/fr/AA00015023/00223/images/12>
- “Beachcomber,” *Haiti Sun*, 25 oktòb 1953, paj 12 : <https://dloc.com/fr/AA00015023/00202/images/12>
- “Beachcomber,” *Haiti Sun*, 6 fevriye 1955, paj 13: <https://dloc.com/fr/AA00015023/00326/images/12>
- “Beachcomber,” *Haiti Sun*, 13 mas 1955, paj 13: <https://dloc.com/fr/AA00015023/00331/images/12>
- “Beachcomber,” *Haiti Sun*, 3 me 1959, paj 15: <https://dloc.com/fr/AA00015023/00232/images/14>
- “Beachcomber,” *Haiti Sun*, 24 avril 1960, paj 19: <https://dloc.com/fr/AA00015023/00261/images/18>
- “Beachcomber,” *Haiti Sun*, 10 jiyè 1960, paj 18: <https://dloc.com/fr/AA00015023/00270/images/16>
- “Birth of New Haitian Tax Law Described,” *Haiti Sun*, 31 janvyè 1960, paj 6 : <https://dloc.com/fr/AA00015023/00248/images/5>
- “Frères: [Becoming Haiti’s] Chicken Center,” *Haiti Sun*, 31 janvyè 1960, paj 1 ak 11 : <https://dloc.com/fr/AA00015023/00248/images/0>; <https://dloc.com/fr/AA00015023/00248/images/9>
- “Gap In Training And Freres Road,” *Haiti Sun*, 1 me 1960, paj 11: <https://dloc.com/fr/AA00015023/00261/images/10>
- Grant, T. J. “Wise and Otherwise,” *Haiti Sun*, 16 janvyè 1955, paj 6 : <https://dloc.com/fr/AA00015023/00323/images/5> ;
- _____. “Wise and Otherwise,” *Haiti Sun*, 30 janvyè 1955, paj 7 : <https://dloc.com/fr/AA00015023/00325/images/6> ;

- _____. "Wise and Otherwise," *Haiti Sun*, 13 fevriye 1955, paj 7 : <https://dloc.com/fr/AA00015023/00327/images/6>
- Haiti Sun*, 27 janvyè 1952, paj 7 : <https://dloc.com/fr/AA00015023/00071/images/8>
- Haiti Sun*, 13 septanm 1953, paj 6 : <https://dloc.com/fr/AA00015023/00196/images/5>
- "Haiti's Modern Chicken Farm," *Haiti Sun*, 2 desanm 1951, paj 4 : <https://dloc.com/fr/AA00015023/00063/images/3>
- "Jules Arant & Emma Casseus Wed," *Haiti Sun*, 29 avril 1956, paj 18 : <https://dloc.com/fr/AA00015023/00364/images/17>
- "Mothers Should Not Allow Social Duties Interfere With Children », *Haiti Sun*, 20 desanm 1953, paj 9 : <https://dloc.com/fr/AA00015023/00210/images/8>
- "New Chicken Industry Boon to Local Economy," *Haiti Sun*, 15 jiyè 1956, paj 1-2 : <https://dloc.com/fr/AA00015023/00375/images>
- "Newspapers Laud Desquiron Chicken Recipes," *Haiti Sun*, 6 desanm 1959, paj 14 : <https://dloc.com/fr/AA00015023/00241/images/12>
- "Numerous Persons Released From Custody," *Haiti Sun*, 9 novanm 1958, paj 3 : <https://dloc.com/fr/AA00015023/00441/images/2>
- "ODVA Still Working...," *Haiti Sun*, 27 mas 1960, paj 12 : <https://dloc.com/fr/AA00015023/00256/zoom/10>
- "<Operation Poule> Good Neighbor Policy," *Haiti Sun*, 20 me 1956, paj 3 : <https://dloc.com/fr/AA00015023/00367/images/2>
- "Ti Joseph Report," *Haiti Sun*, 11 mas 1956, paj 4 : <https://dloc.com/fr/AA00015023/00357/images/3>
- "Ti Joseph Report," *Haiti Sun*, 5 dawou 1956, paj 4 : <https://dloc.com/fr/AA00015023/00378/images/3>
- "Ti Joseph Report," *Haiti Sun*, 28 septanm 1958, paj 15 : <https://dloc.com/fr/AA00015023/00436/images/14>
- "Vet. Lets Chicks Die," *Haiti Sun*, 28 oktòb 1956, paj 1 : <https://dloc.com/fr/AA00015023/00390/images/0>

Le Nouvelliste

- « À propos des poussins de la ferme Desquiron », *Le Nouvelliste*, 29 oktòb 1956, paj 6 : <https://dloc.com/fr/UF00000081/09287/zoom/5>
- « Accident mortel sur la route de l'Archaie », *Le Nouvelliste*, 25 novanm 1977, paj 1 : <https://dloc.com/fr/UF00000081/09934/images/>

- « Arrestations », *Le Nouvelliste*, 30 jen 1958, paj 1 : <https://dloc.com/fr/UF00000081/10745/zoom/0>
- « Au Club International de Commerce », *Le Nouvelliste*, 5 oktòb 1956, paj 1 : <https://dloc.com/fr/UF00000081/09267/zoom/0>
- « Avis », *Le Nouvelliste*, 13 desanm 1979, paj 6 : <https://dloc.com/fr/UF00000081/10575/zoom/5>
- « Avis divers », *Le Nouvelliste*, 14 desanm 1978, paj 2 : <https://dloc.com/fr/UF00000081/10263/zoom/1>
- « Avis Important », *Le Nouvelliste*, 12 novanm 1956, paj 6 : <https://dloc.com/fr/UF00000081/09299/images/5>
- « Avis Important », *Le Nouvelliste*, 15 novanm 1956, paj 4 : <https://dloc.com/fr/UF00000081/09302/zoom/3>
- Dambreville, Claude. « Instantanées », *Le Nouvelliste* 8 ak 9 jen 1970 paj 1 : <https://dloc.com/fr/UF00000081/06766/images>
- « Décès de Mme Ghislaine Desquiron », *Le Nouvelliste*, 17 janvyè 1977, paj 8 : <https://dloc.com/fr/UF00000081/09666/zoom/7>
- Flecher, Jose. « Haïti Broilers, principal producteur d'oeufs et de poulets du pays, arrête ses activités en Haïti », *Le Nouvelliste*, 25 novanm 2022 : <https://lenouvelliste.com/article/238858/haiti-broilers-principal-producteur-doeufs-et-de-poulets-du-pays-arrete-ses-activites-en-haiti>
- « Intéressant Débat: Incidences du Cyclone sur le Commerce », *Le Nouvelliste*, 4 novanm 1954, paj 1 : <https://dloc.com/fr/UF00000081/08666/zoom/0>
- Jolicoeur, Aubelin. « Au fil des jours », *Le Nouvelliste*, 17 avril 1969, paj 1 : <https://dloc.com/fr/UF00000081/06409/images>
- « La Conscience Professionnelle – Une Interview avec Jean Desquiron », *Le Nouvelliste*, 10 novanm 1956, paj 1 : <https://dloc.com/fr/UF00000081/09298/zoom/0>
- « Le cas de Mme J. Desquiron », *Le Nouvelliste*, 2 jiyè 1958, paj 1 : <https://dloc.com/fr/UF00000081/10747/zoom/0>
- Le Nouvelliste*, 13 dawou 1956, paj 5 : <https://dloc.com/fr/UF00000081/09221/zoom/4>
- Le Nouvelliste*, 19 avril 1960, paj 2 : <https://dloc.com/fr/UF00000081/03740/images/1>
- Le Nouvelliste*, 15 jiyè 1960, paj 2 : <https://dloc.com/fr/UF00000081/03803/zoom/1>
- Le Nouvelliste*, 20 dawou 1960, paj 4 : <https://dloc.com/fr/UF00000081/03825/zoom/3>
- Le Nouvelliste*, 3 septanm 1960, paj 4 : <https://dloc.com/fr/UF00000081/03840/zoom/3>
- Le Nouvelliste*, 26 oktòb 1960, paj 6 : <https://dloc.com/fr/UF00000081/03876/images/5>
- Le Nouvelliste*, 24 oktòb 1960, paj 4 : <https://dloc.com/fr/UF00000081/03874/zoom/3>

- Le Nouvelliste*, 2 avril 1963, paj 4: <https://dloc.com/fr/UF00000081/04520/images/3>
- Le Nouvelliste*, 3 avril 1963, paj 4: <https://dloc.com/fr/UF00000081/04521/images/3>
- Le Nouvelliste*, 4 avril 1963, paj 4: <https://dloc.com/fr/UF00000081/04522/images/3>
- Le Nouvelliste*, 5 avril 1963, paj 4: <https://dloc.com/fr/UF00000081/04523/zoom/3>
- Le Nouvelliste*, 27 mas 1968, paj 3 : <https://dloc.com/fr/UF00000081/06078/images/2>
- Le Nouvelliste*, 9 me 1979, paj 3: <https://dloc.com/fr/UF00000081/10388/images/2>
- «Le Poulet au Vent», *Le Nouvelliste*, 8 mas 1960, paj 3: <https://dloc.com/fr/UF00000081/03710/images/2>
- « Les poulets reviennent », *Le Nouvelliste* 8 mas 1968 paj 1 : <https://dloc.com/fr/UF00000081/06062/images>
- « Libérés », *Le Nouvelliste*, 29 oktòb 1958, paj 1 : <https://dloc.com/fr/UF00000081/10849/zoom/0>
- « Mme Jean Desquiron va en Californie », *Le Nouvelliste*, 11 jiye 1952, paj 4 : <https://dloc.com/fr/UF00000081/07941/zoom/3>
- « Pas de rareté de poulets », *Le Nouvelliste*, 6 oktòb 1966, paj 4: <https://dloc.com/fr/UF00000081/05617/images/3>

Lòt journal

- « Asohuevo rechaza prohibición de exportar hacia Haití », CDN, 5 janvyè 2023 : <https://cdn.com.do/nacionales/asohuevo-rechaza-prohibicion-de-exportar-hacia-haiti/?web=cdn>
- Hermogène, Fegenson. « L'histoire du mouvement féministe haïtien (Première partie) », *Ayibopost*, 19 mas 2019: <https://ayibopost.com/lhistoire-du-mouvement-feministe-haitien-premiere-partie/>
- McGee, Jamie. "Haiti poultry industry still feels pain of US imports," *The Tennessean*, 21 me 2016: <https://www.tennessean.com/story/money/2016/05/21/haiti-poultry-industry-still-feels-pain-us-imports/84504782/>
- Norestyl, Jérôme Wendy. « Comprendre la disparition de la plus importante compagnie de production d'œufs en Haïti », *Ayibopost*, 6 novanm 2023 : <https://ayibopost.com/comprendre-la-disparition-de-la-plus-importante-compagnie-de-production-doeufs-en-haiti/>
- Péan, Leslie. « Haïti: L'effet Clifford Brandt junior », *Alterpresse*, 28 oktòb 2012: <https://www.alterpresse.org/spip.php?article13610>
- Piercin, Wethzer. « Le cauchemar des jeunes agro-entrepreneurs haïtiens en faillite », *Ayibopost*, 11 oktòb 2023 : <https://ayibopost.com/le-cauchemar-des-jeunes-entrepreneurs-haitiens-en-faillite/>

Rapò ak lòt dokiman

- Association Avicole Haïtienne. « Relance de la production nationale d'œufs et de l'élevage des volailles en Haïti », 2023 : <https://www.facebook.com/photo?fbid=825539912914691&set=a.119246140210742>
- Caprio, Giovanni ak Daniel César Jocelin. "COOPEP Project (0169/9) Final Evaluation." Rapò USAID, 1985 : https://pdf.usaid.gov/pdf_docs/Xdaat250a.pdf
- Cooperative Des Eleveurs De Poulets (COOPEP) ak Cooperative League of the USA (CLUSA). "Operational Program Grant Proposal (OPG) for COOPEP Integrated Cooperative Poultry Project," pwoje USAID, Pòtoprens, 1983 : https://pdf.usaid.gov/pdf_docs/PDABA017.pdf
- McGuigan, Claire. "Agricultural liberalisation in Haiti." Rapò Christian Aid, 2006 : <https://www-staging.christianaid.ie/sites/default/files/2017-08/agricultural-liberalisation-haiti-january-2006.pdf>
- Sabater de Sabates, Antonio. « Étude des industries agro-alimentaires ». Rapò teknik pou yon ankèt endistryèl, Nasyonzini, 1979, paj 38 : https://downloads.unido.org/ot/46/92/4692042/00001-10000_09225.pdf?_ga=2.120219784.1061443517.1706701957-303855527.1706701957
- Schwartz, Timothy. « Emphases sur la production d'œufs et les stratégies de subsistance des ménages ruraux ». Rapò pou Finn Church Aid, 2015 : https://timothyschwartzhaiti.com/wp-content/uploads/REPORT_Right_to_Eggs_3_29_15-French_v1.pdf
- Wahab, Abdul. "Project Evaluation Summary: CLUSA-COOPEP-Poultry Cooperative Project." Rapò pou USAID, paj 1 : https://pdf.usaid.gov/pdf_docs/PDAAT250.pdf

Sit wèb, aplikasyon an liy, ak blòg

Bibliothèque Numérique des Caraïbes : <https://dloc.com/fr>

- Council on Hemispheric Affairs. "Bill Clinton's Heavy Hand on Haiti's Vulnerable Agricultural Economy: The American Rice Scandal," 13 avril 2010: <https://coha.org/haiti-research-file-neoliberalism%E2%80%99s-heavy-hand-on-haiti%E2%80%99s-vulnerable-agricultural-economy-the-american-rice-scandal/>
- Georgia Tech Agricultural Technology Research Program : <https://atrp.gatech.edu/>
- «Haiti Broilers, S.A.», Groupe Coles: <https://groupecoles.com/page/Haiti-Broilers-SA.html>
- Inflation Tool: <https://www.inflationtool.com/us-dollar/1956-to-present-value?amount=10&year2=2023&frequency=yearly>

